



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère de l'Intérieur

Office National de Protection
des Réfugiés et Apatrides



AMASEZERANO Y'ISHIRAHAMWE RY' UBUMWE BWA AFRIKA

*yitaho ibibazo vyiharijwe
n'impunzi zo muri Afrika*



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère de l'Intérieur

Office National de Protection
des Réfugiés et Apatrides



Convention de l'OUA

*régissant les aspects propres aux problèmes
des réfugiés en Afrique*



La présente traduction en Kirundi a été réalisée au Burundi et validée par :

Le Ministère de la Justice

Le Ministère de la Sécurité Publique

Le Ministère des Relations extérieures

Le Service National de Législation

Les Associations oeuvrant dans le domaine des Droits de l'Homme

Ce texte constitue une traduction non-officielle de la convention internationale ci jointe. Pour toute question concernant l'interprétation de la présente convention et dans le cas de différences importantes entre les différentes versions linguistiques, la version en langue française prévaut.

Ihindurwa ry'iri tegeko ryabereye mu Burundi kandi ryemejwe n'abaserukira :

Ubushikirananganji bw'ubutungane

Ubushikirananganji bw'intwari yo hagati mu gihugu

Ubushikirananganji bw'imigenderanire n'ayandi makungu

Umugwi w'igihugu ujejwe guhinyanyura no guhindura amategeko mu Kirundi

Amashirahamwe ajejwe ivy'agateka ka zina muntu

Iri hindurwa ntiracyiye mu nzira isanzwe yo guhindura amategeko mu Burundi ; ikibazo cose coseruka kuyerekeye insiguro y'iri tegeko canke amadidane avuye ku budasa bw'indimi, kizotunganywa hisunzwe iri tegeko riri mu Gifaransa biri kumwe.

*AMASEZERANO Y'ISHIRAHAMWE
RY' UBUMWE BWA AFRIKA*

*yitaho ibibazo vyiharijwe
n'impunzi zo muri Afrika*

YEMEJWE N'

Inama y'Abakuru b'Ibihugu n'Amareta mu
Nama isanzwe igira gatandatu
I ADDIS-ABEBA, KU WA 10 NYAKANGA 1969

ASHIRWA MU NGIRO KU WA
20 RUHESHI 1974
NK'UKO BITEGEKANIJWE N'INGINGO YA XI

Convention de l'OUA

*régissant les aspects propres aux problèmes
des réfugiés en Afrique*

ADOPTÉE PAR

La Conférence des chefs d'Etat et de Gouvernement
lors de sa Sixième Session Ordinaire
ADDIS-ABEBA, 10 SEPTEMBRE 1969

ENTREE EN VIGUEUR
20 JUIN 1974
CONFORMEMENT A L'ARTICLE XI

INTANGAMARARA

Twebwe, Abakuru b'Ibihugu n'Amareta, dukoraniye i Addis-Abéba kuwa ku wa 6 gushika ku wa 10 Nyakanga 1969,

TWIHWEJE n'umwitwarariko ko igitiri c'impunzi kidahengeshanya kwiyongera muri Afrika, kandi ko twipfuzaga gutora uburyo bwo kugabanya ubukene n'amaganya zifise n'ukuzironsa ubuzima na kazoza vyiza;

TWEMEJE ko ingorane z'impunzi zitegerezwa kwihwezwa mu gushira imbere canecane agateka ka zina muntu kugira ngo zitorerwe inyishu;

TUTIRENGAGIJE ko ingorane z'impunzi ziri muri bimwe ibihugu bihuriye muri iryo Shirahamwe bitumvikanako kandi tukaba twipfuzaga kurandurana n'imizi ukwo kutumvikana dufatiye ku nkomoko yazo;

TWIPFUJE gutandukanya impunzi iriko irondera kugira ubuzima busanzwe kandi butekanye hamwe n'umuntu ahunga igihugu ciwe afise gusa intumbero yo gutera umudurumbanyo aturutse inyuma y'igihugu;

TWIYEMEJE gukora mu buryo bw'ugutuzza ibikorwa vy'abo bantu bahungabanya umutekano, hakurikijwe ivyatangajwe ku kibazo co guhungabanya umutekano n'ugutorera umuti ibibazo vy'impunzi vyemejwe i Accra mu 1965;

TUTIRENGAGIJE ko Amasezerano mpuzamakungu n'Itangazo mpuzamakungu ry'Agateka ka zina muntu yemeje ko zina kiremwa muntu wese ata n'umwe akumiriwe, ategerezwa kwubahirizwa mu kwishira akizana no mu burenganzira ngenderwako bwiwe;

TWIBUKIJE umwumvikano w'Inama nkuru y'ibihugu bigize Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU wa 2312 (XXII) wo ku wa 14 Kigarama 1967 werekeye Itangazo mpuzamakungu ugenga ivy'ubuhungiro mu gihugu;

TWEMEJE ko ingorane zose zo muri Afrika zitegerezwa gutorerwa umuti hisunzwe Amasezerano y'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika n'ivyo Afrika itegekanya;

TWEMEJE ko Amasezerano y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU yo ku wa 28 Mukakaro 1951 yahinduwe n'Amasezerano yo ku wa 31 Nzero 1967 ari yo agize amategeko shingiro kandi mpuzamakungu ajanye n'ivyerekeye impunzi kandi akabamwo ikibabagwe ibihugu bifitiye impunzi n'icipfuzo cavyo co gushiraho amategeko rusangi atomora uko impunzi zofatwa;

PREAMBULE

Nous, Chefs d'Etat et de Gouvernement, réunis à Addis-Abéba, du 6 au 10 septembre 1969,

NOTANT avec inquiétude, l'existence d'un nombre sans cesse croissant de réfugiés en Afrique, et désireux de trouver les moyens d'alléger leur misère et leurs souffrances et de leur assurer une vie et un avenir meilleurs;

RECONNAISSANT que les problèmes des réfugiés doivent être abordés d'une manière essentiellement humanitaire pour leur trouver une solution;

CONSCIENTS, néanmoins, de ce que les problèmes des réfugiés constituent une source de friction entre de nombreux Etats membres, et désireux d'enrayer à la source de telles discordes;

DESIREUX d'établir une distinction entre un réfugié qui cherche à se faire une vie normale et paisible et une personne qui fuit son pays à seule fin d'y fomenter la subversion à partir de l'extérieur;

DECIDES à faire en sorte que les activités de tels éléments subversifs soient découragés, conformément à la Déclaration sur le problème de la subversion et à la résolution sur le problème des réfugiés adoptées à Accra en 1965;

CONSCIENTS que la Charte des Nations Unies et la Déclaration Universelle des Droits de l'Homme ont affirmé le principe que les êtres humains doivent jouir sans discrimination des libertés et droits fondamentaux;

RAPPELANT la résolution de l'Assemblée générale des Nations Unies 2312 (XXII) du 14 décembre 1967 relative à la Déclaration sur l'asile territorial;

CONVAINCUS que tous les problèmes de notre continent doivent être résolus dans l'esprit de la Charte de l'Organisation de l'Unité Africaine et dans le cadre de l'Afrique;

RECONNAISSANT que la Convention des Nations Unies du 28 juillet 1951 modifiée par le Protocole du 31 janvier 1967, constitue l'instrument fondamental et universel relatif au statut des réfugiés, et reflète la profonde sollicitude que les Etats portent aux réfugiés ainsi que leur désir d'établir des normes communes de traitement des réfugiés;

RAPPELANT les résolutions 26 et 104 des Conférences des Chefs d'Etat et de Gouvernement de l'OUA dans lesquelles il est demandé aux Etats membres de l'Organisation qui ne l'ont pas encore fait d'adhérer à la Convention de 1951 des Nations Unies relative au statut des réfugiés et au Protocole de 1967 et, en attendant d'en appliquer les dispositions aux réfugiés en Afrique;

CONVAINCUS que l'efficacité des mesures préconisées par la présente Convention en vue de résoudre le problème des réfugiés en Afrique exige une collaboration étroite et continue entre l'Organisation de l'Unité Africaine et le Haut Commissariat des Nations Unies pour les réfugiés.

SOMMES CONVENUS des dispositions ci-après:

Article I

DEFINITION DU TERME "REFUGIE"

1. Aux fins de la présente Convention, le terme "réfugié" s'applique à toute personne qui, craignant avec raison, d'être persécutée du fait de sa race, de sa religion, de sa nationalité, de son appartenance à un certain groupe social et de ses opinions politiques, se trouve hors du pays dont elle a la nationalité et qui ne peut, ou, du fait de cette crainte, ne veut se réclamer de la protection de ce pays, ou qui, si elle n'a pas de nationalité et se trouve hors du pays dans lequel elle avait sa résidence habituelle à la suite de tels événements, ne peut, ou en raison de ladite crainte, ne veut y retourner.

2. Le terme "réfugié", s'applique également à toute personne qui, du fait d'une agression, d'une occupation extérieure, d'une domination étrangère ou d'événements troublant gravement l'ordre public dans une partie ou dans la totalité de son pays d'origine ou du pays dont elle a la nationalité, est obligée de quitter sa résidence habituelle pour chercher refuge dans un autre endroit à l'extérieur de son pays d'origine ou du pays dont elle a la nationalité.

3. Dans le cas d'une personne qui a plusieurs nationalités, l'expression "du pays dont elle a la nationalité" vise chacun des pays dont cette personne a la nationalité; on ne considère pas qu'une personne ne jouit pas de la protection du pays dont elle a la nationalité si, sans raisons valables, fondées sur une crainte justifiée, elle ne se réclame pas de la protection de l'un des pays dont elle a la nationalité.

4. La présente Convention cesse de s'appliquer dans les cas suivants à toute personne jouissant du statut de réfugié:

TWIBUKIJE umwumvikano wa 26 n'uwa 104 wavuye mu nama z'abakuru b'Ibihugu n'Amareta bihuriye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika, aho ibihugu vyose bihuriye muri iryo Shirahamwe bitaratera igikumu ku Masezerano yo mu 1951 y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU yerekeye impunzi no ku Masezerano yo mu 1967, bisabwa kuyemeza bikongera bikaba birayakurikiza ku mpunzi zo muri Afrika mu kurindira ko vyemererwa;

TWEMEJE ko kugira ingingo zafashwe muri aya Masezerano zibe ngirakamaro mu gutorera umuti ibibazo vy'impunzi muri Afrika bisaba ko haba ugufashanya gukomeye kandi kudahengeshanya hagati y'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika n'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ryitaho impunzi;

TWEMERANIJE ibi bikurikira:

Ingingo ya I

INSIGURO Y'IJAMBO "IMPUNZI"

1. Muri aya Masezerano, ijambo "Impunzi" rikoresheya ku muntu wese, mu gihe hari ibituma atinya gutotezwa ahorwa urukoba rwiwe, idini, ubwenegihugu, kuba aya mu murwi kanaka canke ivyiyumviro vyawe vya poritike, ari inyuma y'igihugu afitiye ubwenegihugu, kandi adashobora canke adashaka kukigarukamwo kubera ubwo bwoba nyene, canke icyo atagira ubwenegihugu akaba ari inyuma y'igihugu yari asanzwe abamwo ariko kubera ivyabaye, ntashake canke ntashobore kugisubiramwo biturutse kuri ubwo bwoba nyene.

2. Ijambo "impunzi" rikoresheya kandi ku muntu wese, kubera igihugu yabamwo catewe, cifatwe n'imurwi ivuye inyuma y'igihugu, cagiye mu minwe y'ikindi gihugu cacigaruriye, canke cadutsemwo imigumuko ikomeye ihungabanya umutekano mu gice c'igihugu canke mu gihugu cose yari asanzwe aturukamwo canke afitiye ubwenegihugu, ategerejwe kuva aho yari asanzwe aba akarondera ubuhungiro ahandi hantu mu kindi gihugu canke mu gihugu afitiye ubwenegihugu.

3. Igihe naho umuntu afise ubwenegihugu bwinshi, amajambo "igihugu umuntu afitiye ubwenegihugu" asobanura igihugu kimwekimwe mu vyo afitiye ubwenegihugu. Umuntu wese atagira imvo zishemeye zifatiye ku bwoba atasavye gukingirwa n'igihugu kimwe mu vyo afitiye ubwenegihugu, ntazofatwa nk'uko yatswe uburenganzira bwo gukingirwa n'igihugu afitiye ubwenegihugu.

4. Aya Masezerano azohagarikwa gushirwa mu ngiro mu bihe bikurikira ku muntu uwo ari we wese yari asanzwe ari impunzi:

- a) mu gihe, uwo muntu, avyishakiye we nyene, yasavye gusubira gukingirwa n'igihugu afitiye ubwengehugu; canke
- b) mu gihe, we nyene avyishakiye, yasubiye ku bwengehugu yari yatakaje; canke
- c) mu gihe aronse ubwengehugu bushasha kandi akaba akingiwe n'igihugu cabumuhaye; canke
- d) mu gihe, avyishakiye, yasubiye kuba mu gihugu yari yarahunze canke ico atashoboye kubamwo bivuye ku gutinya gutotezwa;
- e) mu gihe imvo zatumye umuntu yemerwa nk'impunzi zitakiriho, ntashobora kubandanya yanka gusaba gukingirwa n'igihugu afitiye ubwengehugu;
- f) igihe yakozwe icaha gihambaye kidafatiye ku vya poritike akagikorera mu kindi gihugu atari icamwakiriye amaze kwemerwa nk' impunzi ;
- g) igihe aciye kubiri bimwe vyimonogoje n'intumbero y'aya Masezerano;

5. Ibitegekaniye muri aya Masezerano ntibizokurikizwa ku muntu uwo ari wese hari imvo zishemeye zotuma Reta yamwakiriye imwikekako ibi bikurikira:

- a) ko yakozwe icaha co guhungabanya umutekano, icaha co mu ntambara canke icaha gikorera kiremwa muntu nk'uko bitegekaniye mu Masezerano mpuzamakungu yateguwe kugira hategekanywe amategeko ajanye n'ivyo vyaha;
- b) ko yakozwe icaha gihambaye kidafatiye ku vya poritike mu kindi gihugu atari icamwakiriye imbere y'uko yemerwa nk' impunzi;
- c) bigaragaye ko yagize inyifato iteye kubiri n'intumbero hamwe n'ivyiyumviro ngenderwako vy'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika;

- a) si cette personne s'est volontairement réclamée à nouveau de la protection du pays dont elle a la nationalité; ou
- b) si, ayant perdu sa nationalité, elle l'a volontairement recouvrée; ou
- c) si elle a acquis une nouvelle nationalité et si elle jouit de la protection du pays dont elle a la nationalité; ou
- d) si elle est retournée volontairement s'établir dans le pays qu'elle a quitté ou hors duquel elle est demeurée de crainte d'être persécutée;
- e) si, les circonstances à la suite desquelles elle a été reconnue comme réfugiée ayant cessé d'exister, elle ne peut plus continuer à refuser de se réclamer de la protection du pays dont elle a la nationalité;
- f) si elle a commis un crime grave de caractère non politique en dehors du pays d'accueil après y avoir été admise comme réfugiée;
- g) si elle a enfreint gravement les buts poursuivis par la présente Convention.

5. Les dispositions de la présente Convention ne sont pas applicables à toute personne dont l'Etat d'asile a des raisons sérieuses de penser :

- a) qu'elle a commis un crime contre la paix, un crime de guerre ou un crime contre l'humanité, au sens des instruments internationaux élaborés pour prévoir des dispositions relatives à ces crimes;
- b) qu'elle a commis un crime grave de caractère non politique en dehors du pays d'accueil avant d'y être admise comme réfugiée;
- c) qu'elle s'est rendue coupable d'agissements contraires aux objectifs et aux principes de l'Organisation de l'Unité Africaine;
- d) qu'elle s'est rendue coupable d'agissements contraires aux buts et aux principes des Nations Unies.

6. Aux termes de la présente Convention, il appartient à l'Etat contractant d'asile de déterminer le statut de réfugié du postulant.

Article II

ASILE

1. Les Etats membres de l'OUA s'engagent à faire tout ce qui est en leur pouvoir, dans le cadre de leurs législations respectives, pour accueillir les réfugiés, et assurer l'établissement de ceux d'entre eux qui, pour des raisons sérieuses, ne peuvent ou ne veulent pas retourner dans leurs pays d'origine ou dans celui dont ils ont la nationalité.
2. L'octroi du droit d'asile aux réfugiés constitue un acte pacifique et humanitaire et ne peut être considéré par aucun Etat comme un acte de nature inamicale.
3. Nul ne peut être soumis par un Etat membre à des mesures telles que le refus d'admission à la frontière, le refoulement ou l'expulsion qui l'obligeraient à retourner ou à demeurer dans un territoire où sa vie, son intégrité corporelle ou sa liberté seraient menacées pour les raisons énumérées à l'article 1, paragraphe 1 et 2.
4. Lorsqu'un Etat membre éprouve des difficultés à continuer d'accorder le droit d'asile aux réfugiés, cet Etat membre pourra lancer un appel aux autres Etats membres, tant directement que par l'intermédiaire de l'OUA; et les autres Etats membres, dans un esprit de solidarité africaine et de coopération internationale prendront les mesures appropriées pour alléger le fardeau dudit Etat membre accordant le droit d'asile.
5. Tout réfugié qui n'a pas reçu le droit de résider dans un quelconque pays d'asile pourra être admis temporairement dans le premier pays d'asile où il s'est présenté comme réfugié en attendant que les dispositions soient prises pour sa réinstallation conformément à l'alinéa précédent.
6. Pour des raisons de sécurité, les Etats d'asile devront, dans toute la mesure du possible, installer les réfugiés à une distance raisonnable de la frontière de leurs pays d'origine.

Article III

INTERDICTION DE TOUTE ACTIVITE SUBVERSIVE

1. Tout réfugié a, à l'égard du pays où il se trouve, des devoirs qui comportent notamment l'obligation de se conformer aux lois et règlements en vigueur et aux

d) bigaragaye ko yagize inyifato iteye kubiri n'amahangiro hamwe n'ivyiyumviro ngenderwako vy'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.

6. Muri aya masezerano, igihugu cemeje amasezerano y'ugutanga ubuhungiro ni co gishinga amategeko agenga uwusaba kuba impunzi.

Ingingo ya II

UBUHUNGIRO

1. Ibihugu bihuriye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika vyiyemeje gukora ico cose bishoboye ku bijanye n'amategeko ya kimwekimwe cose kugira vyakire impunzi vyongere bifashe kubaho zimwe muri zo zidashobora canke zidashaka gusubira mu bihugu zamukamwo canke mu gihugu zifitiye ubwengegihugu kubera imvo zishemeye.
2. Uguha impunzi ubuhungiro ni igikorwa gitsimbataza amahoro n'umwumvikano mu bantu kandi nta gihugu na kimwe cobifata nk'igikorwa kiryanisha.
3. Nta gihugu na kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika kirekuriwe gufata ingingo zimwezimwe, nko kwankira impunzi gushika ku mbibe, kuyisubiza inyuma canke kuyirukana, kuyitegeka gusubira canke kuguma ahantu ibona ko ubuzima bwayo, amagara yayo canke ubwigenge bwayo vyoba bigeramiwe kubera imvo zadondaguwe mu gahimba ka 1 n'aka 2 tw'ingingo ya I.
4. Iyo igihugu kiri mu bigize Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika kigize ingorane zikibuza kubandanya giha impunzi ubuhungiro, ico gihugu gishobora kwikora ku bindi bihugu biri muri iryo Shirahamwe, kikabigira co nyene ubwaco canke kikabicisha kuri iryo Shirahamwe kandi ivyo bindi bihugu bica bifata ingingo zikwiye kugira ngo vyoroherenze ico gihugu cari catanze ubuhungiro, ivyo bikagirwa mu ntumbero y'ugufashanya kw'ibihugu vya Afrika n'ukugiriranira imigenderanire mpuzamakungu.
5. Impunzi iyo ari yo yose itaronse uburenganzira bwo kuba mu gihugu kinaka yari yasavyemwo ubuhungiro irashobora kuba irabayeye mu gihugu ca mbere yari isanzwe ifisemwo ubuhungiro aho yashikiye nk'impunzi mu kurindira ko ingingo zo kwimurirwa ahandi zifatwa hisunzwe agahimba ka 4.
6. Biturutse ku mvo z'umutekano, ibihugu vy'ubuhungiro bitegerezwa, mu buryo ubwo ari bwo bwose bushoboka, guha impunzi aho ziba hategereye imbibe z'ibihugu ziturukamwo.

Ingingo ya III

**UKUBUZA IGIKORWA ICO ARI CO COSE C'UGUHUNGABANYA
UMUTEKANO**

1. Impunzi iyo ari yo yose itegerezwa gukurikiza ivyo isabwa n'igihugu ibamwo nko kwisunga amabwirizwa n'amategeko akurikizwa hamwe n'ingingo zijanye n'ukubungabunga umutekano. Itegerezwa kandi kwirinda ico cose cohungabanya umutekano mu gihugu kiri mu bigize Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika.

2. Ibihugu vyose vyateye igikumu kuri aya Masezerano vyiyemeje kubuza impunzi zigerereye muri vyo, gutera igihugu kiri mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika mu gukora ivyo vyose bishobora gutuma haduka umudugararo hagati y'ivyo bihugu nko mu gukoresha ibirwanisho, ibinyamakuru vyanditse canke insamirizi.

Ingingo ya IV

UKUDAKUMIRA

Ibihugu bihuriye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika vyiyemeje gushira mu ngiro aya Masezerano agenga impunzi zose ata kumirwa rifatiye ku rukoba, idini, ubwenebihugu, kuba mu murwi kanaka canke ku vyiyumviro vya poritike.

Ingingo ya V

UGUHUNGUKA KU GUSHAKA

1. Uko bigenda kwose, uguhunguka ku gushaka ni vyo bitegerezwa kwama bishirwa imbere kandi nta mpunzi n'imwe ishobora guhungurwa itabishatse.

2. Bifataniye n'igihugu c'amamuko, igihugu c'ubuhungiro gitegerezwa gufata ingingo zikwiye kugira ngo impunzi zasavye guhunguka zitahe ata nkomanzi.

3. Igihugu c'amamuko cakiriye impunzi zihungutse gitegerezwa kuzorohereza mu kuzifasha kuronka uko zibaho, kuziha uburenganzira n'uturusho bihabwa abenegihugu no kuzitegeka gukora ibisabwa abo bandi.

Mesures visant au maintien de l'ordre public. Il doit en outre s'abstenir de tous agissements subversifs dirigés contre un Etat membre de l'OUA.

2. Les Etats *signataires* s'engagent à interdire aux réfugiés établis sur leur territoire respectif d'attaquer un quelconque Etat membre de l'OUA *par toutes activités qui soient* de nature à faire naître une tension entre les Etats membres et notamment par les armes, la voie de la presse écrite et radiodiffusée.

Article IV

NON DISCRIMINATION

Les Etats membres s'engagent à appliquer les dispositions de la présente Convention à tous les réfugiés, sans distinction de race, de religion, de nationalité, d'appartenance à un certain groupe social ou d'opinions politiques.

Article V

RAPATRIEMENT VOLONTAIRE

1. Le caractère essentiellement volontaire du rapatriement doit être respecté dans tous les cas et aucun réfugié ne peut être rapatrié contre son gré.

2. En collaboration avec le pays d'origine, le pays d'asile doit prendre les mesures appropriées pour le retour sain et sauf des réfugiés qui demandent leur rapatriement.

3. Le pays d'origine qui accueille les réfugiés qui y retournent doit faciliter leur réinstallation, leur accorder tous les droits et privilèges accordés à ses nationaux et les assujettir aux mêmes obligations.

4. Les réfugiés qui rentrent volontairement dans leur pays ne doivent encourir aucune sanction pour l'avoir quitté pour l'une quelconque des raisons donnant naissance à la situation de réfugié. Toutes les fois que cela sera nécessaire, des appels devront être lancés par l'entremise des moyens nationaux d'information ou du Secrétaire général de l'OUA, pour inviter les réfugiés à rentrer dans leur pays et leur donner des assurances que les nouvelles situations qui règnent dans leur pays d'origine leur permettent d'y retourner sans aucun risque et d'y reprendre une vie normale et paisible, sans crainte d'être inquiétés ou punis. Le pays d'asile devra remettre aux réfugiés le texte de ces appels et les leur expliquer clairement.

5. Les réfugiés qui décident librement de rentrer dans leur patrie à la suite de ces assurances ou de leur propre initiative, doivent recevoir de la part du pays d'asile, du pays d'origine ainsi que des institutions bénévoles, des organisations internationales et intergouvernementales, toute l'assistance possible susceptible de faciliter leur retour.

Article VI

TITRE DE VOYAGE

1. Sous réserve des dispositions de l'article III, les Etats membres délivreront aux réfugiés résidant régulièrement sur leur territoire des titres de voyage conformes à la Convention des Nations Unies relative au statut des réfugiés et à ses annexes en vue de leur permettre de voyager hors de ces territoires, à moins que des raisons impérieuses de sécurité nationale ou d'ordre public ne s'y opposent. Les Etats membres pourront délivrer un tel titre de voyage à tout autre réfugié se trouvant sur leur territoire.

2. Lorsqu'un pays africain de deuxième asile accepte un réfugié provenant d'un pays de premier asile, le pays de premier asile pourra être dispensé de délivrer un titre de voyage avec clause de retour.

3. Les documents de voyage délivrés à des réfugiés aux termes d'accords internationaux antérieurs par les Etats parties à ces accords sont reconnus par les Etats membres, et traités comme s'ils avaient été délivrés aux réfugiés en vertu du présent article.

Article VII

COLLABORATION DES POUVOIRS PUBLICS NATIONAUX AVEC L'ORGANISATION DE L'UNITE AFRICAINE

Afin de permettre au Secrétaire général administratif de l'Organisation de l'Unité Africaine de présenter des rapports aux organes compétents de l'Organisation de l'Unité Africaine, les Etats membres s'engagent à fournir au Secrétariat, dans la forme appropriée, les informations et les données statistiques demandées, relatives:

4. Impunzi zihungutse ku gushaka kwazo ntizitegerezwa kuronka igihano na kimwe gifatiye ko zari zavuye mu gihugu ku mvo iyo ari yo yose mu zituma umuntu ahunga. Ibihe vyose ivyo bizoba bikenewe, ibihugu bizotera akamo impunzi ko gutaha mu bihugu zamukamwo hakoreshejwe uburyo bwo guhanahana amakuru busanzwe bukoreshwa mu gihugu canke biciye ku Munyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika kandi vyemeze ko habaye akarusho gatuma zotaha ataco zinona zigasubira kubaho bisanzwe no mu mahoro zidatinya kuburabuzwa canke guhanwa. Igihugu c'ubuhungiro gitegerezwa gushikiriza impunzi urwandiko ruzirarikira gutaha no kuruzisigurira mu buryo butomoye.

5. Impunzi ziyemeje gutaha mu gihugu c'amamuko ku gushaka kwazo biturutse ku kamo zatewe canke zo nyene zavuyumviriye zitegerezwa kuronswa n'igihugu c'ubuhungiro, igihugu c'amamuko hamwe n'amashirahamwe y'abagiraneza, amashirahamwe mpuzamakungu n'amashirahamwe mpuzabihugu uburyo bwose bushoboka bwozifasha gutaha.

Ingingo ya VI

IGITABU C'INZIRA

1. Hatirengagijwe ibitegekaniywe mu ngingo ya III, ibihugu bihurikiye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika biraha impunzi zisanze ziba muri ivyo bihugu biciye mu mategeko ibitabu vy'inzira vyemewe n'Amasezerano y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU yerekeye impunzi hamwe n'imperekeza zayo kugira ngo zemererwe kuja mu bindi bihugu kiretse iyo hari imvo zikomeye z'umutekano mu gihugu zitabizirekurira. Ibihugu bihurikiye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika bizoshobora guha iyindi mpunzi iyo ari yo yose iri muri ico gihugu bene ico gitabu c'inzira.

2. Igihe ari igihugu co muri Afrika cemeye guha ubuhungiro bugira kabiri impunzi ivuye mu gihugu ca mbere cari cayihaye ubuhungiro, ico gihugu ca mbere kirashobora kwemererwa kudaha iyo mpunzi igitabu c'inzira kirimwo ingingo iyemerera kugaruka muri ico gihugu.

3. Impapuro z'inzira zihawe impunzi hisanzwe Amasezerano mpuzamakungu yagizwe imbere y'aya n'ibihugu vyemeye ayo Masezerano, ziremerwa n'ibihugu birihurikiye mw'Ishirahamwe ry'Ibihugu vya Afrika kandi zigafatwa nk'uko zoba zahawe impunzi hakurikijwe iyi ngingo.

Ingingo ya VII
**UGUFASHANYA KW'IBIHUGU N'ISHIRAHAMWE
RY'UBUMWE BWA AFRIKA**

Mu ntumbero yo kworohereza Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano gushikiriza inzego zibifitiye ububasha z'iryo Shirahamwe ivyegeranyo, ibihugu birihurikiyemwo vyiyemeje kurungikira Umunyamabanga Mukuru, mu buryo bwemejwe, inkuru n'ivyatororokanijwe vyasabwe vyerekeye:

- a) amategeko agenga impunzi;
- b) ishirwa mu ngiro ry'aya Masezerano;
- c) amabwirizwa n'amategeko akurikizwa canke azokurikizwa yerekeye Impunzi.

Ingingo ya VIII
**UGUFASHANYA N' ISHIRAHAMWE MPUZAMAKUNGU ONU
RYITAHU IMPUNZI**

1. Ibihugu bihuriye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika bizofashanya n'Ishirahamwe mpuzamakungu ONU ryitaho impunzi .
2. Muri Afrika, aya Masezerano azokwunganira bimwe biboneka Amasezerano y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU yerekeye amategeko agenga impunzi yo mu 1951.

Ingingo ya IX
UGUTATURA AMATATI

Amatati ayo ari yo yose yadutse hagati y'ibihugu vyemeje aya Masezerano ku bijanye n'uburyo asigurwa canke ashirwa mu ngiro adashoboye gutorerwa umuti mu bundi buryo azoshikirizwa Umurwi w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ujejwe kwumvikanisha ibihugu n'ugutatura amatati bisabwe n'igihugu kimwe mu vyegwa n'ayo matati.

- a) au statut des réfugiés;
- b) à l'application de la présente Convention ; et
- c) aux lois, règlements et décrets qui sont ou entreront en vigueur et qui concernent les réfugiés.

Article VIII
**COLLABORATION AVEC LE HAUT COMMISSARIAT
DES NATIONS UNIES POUR LES REFUGIES**

1. Les Etats membres collaboreront avec le Haut Commissariat des Nations Unies pour les réfugiés.
2. La présente Convention constituera pour l'Afrique, le complément régional efficace de la Convention de 1951 des Nations Unies sur le statut des réfugiés.

Article IX
REGLEMENT DES DIFFERENDS

Tout différend entre Etats signataires de la présente Convention qui porte sur l'interprétation ou l'application de cette Convention et qui ne peut être réglé par d'autres moyens doit être soumis à la Commission de médiation, de conciliation et d'arbitrage de l'Organisation de l'Unité Africaine, à la demande de l'une quelconque des parties au différend.

Article X
SIGNATURE ET RATIFICATION

1. La présente Convention est ouverte à la signature et à l'adhésion de tous les Etats membres de l'Organisation de l'Unité Africaine, et sera ratifiée par les Etats signataires conformément à leurs règles constitutionnelles respectives. Les instruments de ratification sont déposés auprès du Secrétaire général administratif de l'Organisation de l'Unité Africaine.

2. L'instrument original, rédigé, si possible, dans des langues africaines ainsi qu'en français et en anglais, tous les textes faisant également foi, est déposé auprès du Secrétaire général administratif de l'Organisation de l'Unité Africaine.

3. Tout Etat africain indépendant, membre de l'Organisation de l'Unité Africaine peut à tout moment notifier son accession à la Convention au Secrétaire général administratif de l'Organisation de l'Unité Africaine.

Article XI

ENTREE EN VIGUEUR

La présente Convention entrera en vigueur dès qu'un tiers des Etats membres de l'Organisation de l'Unité Africaine aura déposé ses instruments de ratification.

Article XII

AMENDEMENT

La présente Convention peut être modifiée ou révisée si un Etat membre adresse au Secrétaire général administratif une demande écrite à cet effet, sous réserve, toutefois, que l'amendement proposé ne sera présenté à l'examen de la Conférence des Chefs d'Etat et de Gouvernement que lorsque tous les Etats membres en auront été dûment avisés et qu'une année se sera écoulée. Les amendements n'entrent en vigueur qu'après leur approbation par les deux tiers au moins des Etats membres parties à la présente Convention.

Article XIII

DÉNONCIATION

1. Tout Etat membre partie à cette Convention pourra en dénoncer les dispositions par notification écrite adressée au Secrétaire général administratif.

Ingingo ya X

**UGUSHIRA UMUKONO KU
MASEZERANO N'UKUYEMEZA**

1. Aya Masezerano azoshirwako umukono kandi yemezwe n'ibihugu vyose bihuriye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika. Ivyo bihugu bizoba biyinjiramo hakurikijwe Amabwirizwa Shingiro yavyo. Inzandiko z'ukuyemeza zirungikirwa Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano.

2. Igihugu ico ari co cose ca Afrika cikukiye kiri mu bigize Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika gishobora umwanya uwo ari wo wose kumenyesha Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano ko cemeje ayo Masezerano.

3. Urwandiko rw'imvaho, bishobotse rwanditswe mu ndimi z'inyafrika hamwe no mu z'igifaransa n'icongereza, izo nzandiko zose zikaba zemewe ko ari zo, rurungikirwa Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano.

Ingingo ya XI

ISHIRWA MU NGIRO

Aya Masezerano azotangura gushirwa mu ngiro kuva igihe ica gatatu c'ibihugu bihuriye mw'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika bizoba vyashikirije inzandiko z'ukuyemeza.

Ingingo ya XII

UGUHINDURA AMASEZERANO

Aya Masezerano arashobora guhindurwa canke gushirwamwo igihe igihugu cayemeje kirungikiye Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano urwandiko rwo kubisaba ariko hatirengagijwe ko ibisabwa guhindurwa bibanza kwihwezwa n'Inama y'Abakuru b'Ibihugu n'Amareta, ibihugu vyose bihuriye muri iryo Shirahamwe bikabimenyeshwa kandi hakaba haciye umwaka bibimenyeshajwe. Ivyahinduwe bikurikizwa ari uko vyemewe n'imiburiburi n'ibice bibiri kuri bitatu vy'ibihugu vyemeje aya Masezerano.

Ingingo ya XIII

UKUVA MU MASEZERANO

1. Igihugu ico ari co cose cemeje aya Masezerano kizoshobora kuyavamwo kibicishije mu rwandiko rushikirizwa Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano.

2. Iyo ico gihugu kitisubiyeko, ayo Masezerano ahagarikwa gukurikizwa kuri co haheze ikiringo c'umwaka giharurwa kuva kw'igenekerezo urwandiko rubisaba rwashikirijweko Umunyamabanga mukuru w'iryo Shirahamwe.

Ingingo ya XIV

Kuva aya Masezerano ashizwe mu ngiro, Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano aca ayarungikira Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU nk'uko ingingo ya 102 y'Amasezerano ngenderwako Mpuzamakungu ya ONU ibitegekanya.

Ingingo ya XV

**IBIMENYESHWA N'UMUNYAMABANGA MUKURU W'ISHIRAHAMWE
RY'UBUMWE BWA AFRIKA AJEJWE IVY'INTWANO**

Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika ajejwe ivy'intwano aramenyesha ibihugu vyose birihurikiyemwo ibi bikurikira:

- a) Ibihugu vyashize imikono ku Masezerano, ivyayemeje n'ivyasavye kwinjira muri yo nk'uko biri mu ngingo ya X;
- b) Igenekerezo aya Masezerano azotangurirako gushirwa mu ngiro nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya XI;
- c) Ivyasabwe guhindurwa vyashikirijwe hisunzwe ingingo ya XII;
- d) A basavye kuva mu Masezerano hisunzwe ingingo ya XIII.

2. Un an après la date de cette notification, si celle-ci n'est pas retirée, la Convention cessera de s'appliquer à l'Etat en question.

Article XIV

Dès l'entrée en vigueur de la présente Convention, le Secrétaire général administratif de l'OUA la déposera auprès du Secrétaire général des Nations Unies, aux termes de l'article 102 de la Charte des Nations Unies.

Article XV

NOTIFICATION

**PAR LE SECRETAIRE GENERAL ADMINISTRATIF DE L'ORGANISATION DE
L'UNITE AFRICAINE**

Le Secrétaire général administratif de l'Organisation de l'Unité Africaine notifie à tous les membres de l'Organisation:

- a) les signatures, ratifications et adhésions conformément à l'article X;
- b) l'entrée en vigueur telle que prévue à l'article XI;
- c) les demandes d'amendement présentées aux termes de l'article XII;
- d) les dénonciations conformément à l'article XIII.

EN FOI DE QUOI, NOUS, Chefs d'Etat et de Gouvernement africains, avons signé la présente Convention.

- | | | |
|------------------------|-----------------|---------------------------|
| 1. Algérie | 15. Haute Volta | 29. Rwanda |
| 2. Botswana | 16. Ile Maurice | 30. Rép. Arabe Unie |
| 3. Burundi | 17. Kenya | 31. Rép. Centrafricaine |
| 4. Cameroun | 18. Lesotho | 32. Rép. Unie de Tanzanie |
| 5. Congo-Brazzaville | 19. Libéria | 33. Sénégal |
| 6. Congo-Kinshasa | 20. Libye | 34. Sierra Leone |
| 7. Côte d'Ivoire | 21. Madagascar | 35. Somalie |
| 8. Dahomey | 22. Malawi | 36. Soudan |
| 9. Ethiopie | 23. Mali | 37. Swaziland |
| 10. Gabon | 24. Maroc | 38. Tchad |
| 11. Gambie | 25. Mauritanie | 39. Togo |
| 12. Ghana | 26. Niger | 40. Tunisie |
| 13. Guinée | 27. Nigéria | 41. Zambie |
| 14. Guinée Equatoriale | 28. Ouganda | |

KUBERA IVYO, TWEBWE, Abakuru b'Ibihugu n'Amareta vya Afrika, duteye igikumu kuri aya Masezerano.

- | | | |
|------------------------|-----------------|---------------------------|
| 1. Algérie | 15. Haute Volta | 29. Rwanda |
| 2. Botswana | 16. Ile Maurice | 30. Rép. Arabe Unie |
| 3. Burundi | 17. Kenya | 31. Rép. Centrafricaine |
| 4. Cameroun | 18. Lesotho | 32. Rép. Unie de Tanzanie |
| 5. Congo-Brazzaville | 19. Libéria | 33. Sénégal |
| 6. Congo-Kinshasa | 20. Libye | 34. Sierra Leone |
| 7. Côte d'Ivoire | 21. Madagascar | 35. Somalie |
| 8. Dahomey | 22. Malawi | 36. Soudan |
| 9. Ethiopie | 23. Mali | 37. Swaziland |
| 10. Gabon | 24. Maroc | 38. Tchad |
| 11. Gambie | 25. Mauritanie | 39. Togo |
| 12. Ghana | 26. Niger | 40. Tunisie |
| 13. Guinée | 27. Nigéria | 41. Zambie |
| 14. Guinée Equatoriale | 28. Ouganda | |

BIGIRIWE mu gisagara ca Addis- Abéba ku wa cumi Nyakanga 1969.

Fait en la ville d'Addis-Abéba, ce dixième jour de septembre 1969.